

PRINSIP FONDAMENTAL SOU ZAFÈ ÒDONANS POU DIMINYE SACHE PLASTIK

- **Poukisa n' ap fè sa?** Pou diminye fatra, pwoteje anviwònman lanmè ak vwa navigab yo kont kontaminasyon, redwi gaz ki lakòz efè tèmik, epi redwi dechè solid nan kouran fatra
- Li sèlman aplike a " **sachè kesye yo**" = **sak ak manch yo**.
 - Li pa enkli sachè jounal
 - Li pa enkli sachè yo itilize pou vlope pwodwi, manje nan frizè, vyann oswa pwason.
 - Li pa enkli sak lesiv/sachè dry
 - Li pa enkli sachè fatra
- Magazen detayan yo kapab sèlman kenbe sachè papyè ki resiklab, sachè konpostabl, oswa sachè an rezèv ki kapab itilize ankò.
 - **Sachè papyè resiklab:**
 - 100% resiklab
 - Ki gen omwen 40% pòs-konsomatè materyèl resikle
 - Montre sa ki di pi wo yo nan yon fason ki vizib sou deyò sachè a
 - **Sak Konpostabl:**
 - Ki Konfòm a estanda ASTM D6400 & ki sètifye
 - Ki kapab dekonpoze nan menm ritm ak materyèl konpostabl yo
 - **Sak Réutilizabl:**
 - Ki fèt e fabriké pou itilize plis pase yon fwa
 - Fèt ak materyèl dirab oubyen plastik dirab ki gen omwen 3.0 mil (milyèm nan yon pous) nan epesè
- Sachè papyè resiklab, sachè konpostabl, oswa sachè ki kapab itilize ankò dwe vann pou **OMWEN 5 santim**. Machann ka vann andetay kapab chaje pi plis.
- Pri sachè yo dwe afiche a 5 pye de kote kesye a ye.

Anfòsman:

- Enstitisyon an detay 20,000 pye kare yo ak sa ki pi gwo yap kòmanse enspekte yo a pati de 14 Desanm, 2018
- Enstitisyon an detay 10,000 pye kare yo ak sa ki pi gwo yap kòmanse enspekte yo a pati de 1ye Avril, 2019
- Enstitisyon an detay yo ki pi piti pase 10,000 pye kare a pral kòmanse enspekte a pati de 1ye Jiyè, 2019

- **Vyolasyon:**

- Premyè Vyolasyon: avètisman
- 2yèm vyolasyon: \$ 50 amann
- 3yèm oswa plis vyolasyon: \$ 100 amann

- **Egzanpsyon:**

- **Bezwen ranpli fòm aplikasyon yo jwenn sou entènèt boston.gov/plastic-bags pa pita ke 14 Desanm, 2018**
- 1. Pa gen okenn altènativ rezonab pou sachè plastik
- 2. Konfòmite ka anpeche yon dwa ki legalman pwoteje
- 3. Bezwen fin itilize sachè plastik yo ki deja egziste nan envantè ou (bezwen ranpli aplikasyon pou ekzanpsyon an chak mwa, wap jwenn enstriksyon yo sou boston.gov/plastic-bags)

KESYON MOUN POZE SOUVAN

- Èske 5 santim chaj pou sachè a sijè a taks sou lavant nan MA?
 - Wi.
- Èske gen postè ki disponib pou mete a 5 pye de kote kesye a ye?
 - Wi, vizite boston.gov/plastic-bags pou jwenn yo
- Èske sachè ki san manch yo sijè a òdonans lan?
 - Non, yo pa sijè ak li. Sepandan, nou ankouraje machann détayan yo pou toujou kontinye chache sachè san manch ki bon pou anviwònman.
- Ki kote mwen ka achte sache ki konfòme yo?
 - Ou ka jwenn yon lis machann détayan sètifye [isit la](https://www.isitla.com). (kounye a nap itilize lis Vil Cambridge lan ki deja egziste)
- Kijan mwen ka jwenn òdonans lan ak kondisyon yo ki tradwi nan lang mwen?
 - Nou ap travay pou lanse prinsip fondamantal òdonans lan e bwochi nou yo ke nou tradui an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Chinwa Tradisyonèl, Vyetnamyen, ak Kreyòl Kapvèdyen
- Èske mwen dwe debarase m de sachè plastik ke mwen deja genyen yo?
 - Non, ou ka aplike pou yon egzansyon akòz envantè ki deja egziste, osi lontan ke ou voye rapò ajou chak mwa pou pwouve envantè ou a ap diminye bay Sèvis Enspeksyon (Inspectional Services). Tanpri, pa jete sachè plastik ki deja egziste yo!